EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 7.899
www.in-academy.uz




# STATISTICAL SIGNIFICANCE OF TOPONYMICS

**N.Baltaniyazova**
Master's student of Berdakh Karakalpak State University
https://doi.org/10.5281/zenodo.15917154

**ARTICLE INFO**

Received: 08th July 2025
Accepted: 14th July 2025
Online: 15th July 2025

**KEYWORDS**

*Statistical method, etymological basis, linguistic feature, geographical feature, ethnic basis, socio-political basis.*

**ABSTRACT**

*In this article, we aim to discuss toponymy in linguistics, its statistical significance, and its role in the study of sciences such as history, literature, ethnography, and geography through the study of toponymy using the statistical method.*

# TOPONIMIKANÍŃ STATISTIKALÍQ ÁHMIYETI

**N.Baltaniyazova**
Berdaq atındaǵı QMU magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.15917154

**ARTICLE INFO**

Received: 08th July 2025
Accepted: 14th July 2025
Online: 15th July 2025

**KEYWORDS**

*Statistikalıq metod, etimologiyalıq tiykar, lingvistikalıq ózgeshelik, geografiyalıq ózgeshelik, etnikalıq tiykar, sociallıq-siyasiy tiykar.*

**ABSTRACT**

*Biz bul maqalamızda til biliminde toponimika, onıń statistikalıq áhmiyeti, toponomikanı statistikalıq metodta úyreniw arqalı onıń tariyx, ádebiyat, etnografiya, geografiya sıyaqlı ilimlerdi úyreniwdegi xızmeti haqqında sóz etiwdi maqset ettik.*

Toponimika – jer atamaların úyrenetuǵın pán bolıp, ol til bilimi, tariyx, geografiya, sociologiya, siyasattanıw sıyaqlı pánler menen tıǵız baylanısta rawajlanbaqta. Sońǵı jıllarda toponimlerdi úyreniwde statistikalıq metodlar, kartografiyalıq texnologiyalar hám GIS (geografiyalıq xabar sisteması) usılları keń qollanılmaqta.

Toponimlerge ilimde hár qıylı jantasıwlar bar. Francuz lingvisti Albert Doza geografiyalıq atamalardıń fonetika nızamları tiykarında júzege kelgenin atap ótip, olardıń tariyxıy kelip shıǵıwı hám rawajlanıwına dıqqat qaratadı. Ol óziniń "Toponimler: kelip shıǵıwı hám rawajlanıwı" miynetinde jer atamaların lingvistikalıq struktura tiykarında analizlew kerekligin

jazǵan. Onıń pikirinshe, toponimler tariyxıy waqıyalardıń til biliminde sáwlelengen izi esaplanadı [1. 87-184].

Ruminiyalıq ilimpaz Mihai Rusu “Toponimler statistikası” miynetinde toponimlerdi statistikalıq regressiya metodları tiykarında úyrengen. Ol dáslep toponimlerdi semantikalıq hám morfologiyalıq kelip shıǵıwı hám xızmetine qarap bólgen, soń olardıń sanın esaplap, toponimlerdiń qaysı túrleri kóp ekenligin keste arqalı keltirip ótedi. Sonday-aq, ol geografiyalıq analiz islew arqalı toponimnıń qaysı túri qaysı aymaqlarda kóbirek, máselen, antroponim awıl aymaqlarında kóp ushırasıwı sıyaqlı máselelerdi de úyrengen. Onıń pikirinshe: “Toponimlerdi statistikalıq metodta úyreniw – bul tek ǵana sanlardı sanaw emes, al sociallıq-geografiyalıq hám tariyxıy proceslerdiń negizlerin analizlewdur” [2. 41-55]. Toponimlerdi statistikalıq metodta úyreniw, statistikalıq hám kartografiyalıq usılda jer, suw hám taw atamalarınıń kelip shıǵıw sebeplerin úyrengen tilshi ilimpaz A.K. Matveev izertlew obyekti etip Ural aymaǵındaǵı birqansha rayonlardı alǵan. Ol toponimlerdi úyreniwde tórt túrli jantasıwdı basshılıqqa aladı:

1) Toponimlerdiń klassifikaciyası hám olardıń san jaǵınan esabın shıǵarıw;
2) Fonetikalıq hám morfologiyalıq variantlardı sanap shıǵıw;
3) Etnik quramdı statistikalıq jaqtan anıqlaw;
4) Toponimlerdiń geografiyalıq bólistiriliwi boyınsha statistikalıq analizi [3. 3-12].

Maqalada avtor ózlestirilgen sózler, yaǵnıy basqa tillerden kirgen sózler tiykarında jasalǵan toponimlerdi anıqlap, olardıń qaysı rayonlarda jiyi ushırasıwın arnawlı úyreniw arqalı ózlestirilgen sózlerdiń toponimikalıq xızmetiniń statistikalıq esabın shıǵarıwı da toponimlerdi statistikalıq metodta úyreniwdiń áhmiyetin kórsetedi.

Sońǵı jıllarda túrkiy xalıqlar ilimpazları arasında da toponimikanı statistikalıq metod tiykarında úyreniw kóz qarası qáliplesti. Atap aytqanda, qazaq lingvistleri B.Yengibaev hám A.Saparov Qazaqstan menen Ózbekstannıń óz ara shegaralas aymaqların izerlew barısında statistikalıq metodtı basshılıqqa alǵan. Olar Jambıl, Shımkent, Sirdárya, Jizzax sıyaqlı aymaqlardaǵı toponimlerdi úyreniwde tiykarınan úsh túrli jantasıw: jer atamaların jiynaw; model tiykarında klassifikaciyalaw – kelbetlik+atlıq tiykarında jasalǵan toponimler, etnonim+jer belgisi tiykarında jasalǵan toponimler sıyaqlı túrleri, sonday-aq, sanaw hám esabın shıǵarıw – qaysı túrdegi toponimler kóp ekenligin anıqlawdı bashılıqqa alǵan [4. 57-62].

Biz toponimikanı statistikalıq metodta izertlewdiń áhmiyetin Nókis rayonı toponimleri mısalında sóz etemiz. Nókis rayonı aymaǵında 2022-jıldıń statistikalıq kórsetkishleri boyınsha 6 awıl puqaralar jıyını menen 4 mákan puqaralar jıyını bar. Olar “Aqmańǵıt”, “Arbashı”, “Baqanshaqlı”, “Kerder”, “Samanbay”, “Taqırkól”,

“Qırantaw”, “Qutankól”, “Tóktaw” hám “Aqterek”. Bul atamalardıń hámmesi de ózinde tariyxıy, etnikalıq, etimologiyalıq yamasa mádeniy tiykarlardı jámlegen. Aqmańǵıt hám Baqanshaqlı toponimleri uruw atamaları mańǵıt, baqanshaqlı tiykarında keli shıqqan bolsa, Arbashı, Kerder, Tóktaw, Samanbay, Qırantawlar tariyxıy, mádeniy sebepler nátiyjesinde júzege kelgen. Taqırkól, Qutankól, Aqterek toponimleri bolsa geografiyalıq jayǵasıwı, aymaqlıq ózgesheligine qatnaslı payda bolǵan.

Toponimlerdi statistikalıq metodta analizlew arqalı tariyxıy, siyasıy, dástúriy, libgvistikalıq hám etnikalıq ózgesheliklerdi anıqlaw múmkin. Biz joqarıda awıl hám mákan puqaralar jıyınları atamalarınıń etnikalıq, tariyxıy-mádeniy hám geografiyalıq kelip shıǵıwın aytıp óttik. Endi usı statistikalıq metodtı kóshe atamaları menen salıstırmalı úyreneyik.

Máselen, "Aqmańǵıt" posyolka puqaralar jıyınında jámi 12 kóshe bar bolıp, kóshelerdiń atamaların etimologiyalıq kelip shıǵıwı hám basqa da sebeplerine qarap tómendegishe bóliwge boladı:

1. Tariyxıy shaxslardıń ismlerine qatnaslı qoyılǵan atamalar: Nur ata, Imam Buxariy hám Yássáwiy kósheleri;

2. Sociallıq hám siyasiy sebeplerge qatnaslı qoyılǵan atamalar: Altın dáwir, Altın dáwir 1, Sportshılar, Aydınlar hám Itibar kósheleri;

3. Geografiyalıq jayǵasıwına qatnaslı qoyılǵan atamalar: Májnúntal, Say, Aydın kól hám Tallı kósheleri.

Endi "Arbashı" awıl puqaralar jıyınındaǵı kóshelerge analiz islep kóreyik. Bul aymaqtaǵı kóshelerdi atamalarınıń kelip shıǵına qarap tómendegishe tórt bólimge ajıratıw múmkin:

1. Tariyxıy shaxslardıń atına qoyılǵan: Axun ata, S.Kamalov, P.Nurpeysov hám Xajı ata kósheleri;

2. Tariyxıy waqıyalarǵa qatnaslı qoyılǵan atamalar: Góne awıl hám 9-may kósheleri;

3. Geografiyalıq jaylasıwına baylanıslı qoyılǵan atamalar: Kók kól, Kók suw hám Túye moyın kósheleri;

4. Siyasiy-sociallıq sebeplerge qatnaslı qoyılǵan atamalar: Párwaz, Shadlı jurt, Pámir, Samarqand, Orta Aziya, Nurlı mákan, Amanlıq, Ǵayratker, Sawlatlı, Jawınger, Shamshıraq, Baxıt, Salamatlıq kósheleri.

Xalıq jasawshı aymaqlardaǵı kóshelerdi etimologiyasına, qoyılıw sebeplerine qarap bunday túrlerge ajıratıw sol aymaqlardaǵı geografiyalıq ózgesheliklerdi, aymaqtıń tábiyatın, ondaǵı tariyxıy orınlar hám tariyxıy waqıyalardı anıqlawǵa járdem beriw menen birge, onıń siyasiy-sociallıq halatınan da belgili dárejede maǵluwmat beredi. Aymaqlardaǵı kóshelerdiń etimologiyasın anıqlaw arqalı hárbir aymaqta qaysı tiptegi atamalardıń kóbirek ushırasıwın, jiyiligin anıqlaw statistikalıq metodtıń eń tiykarǵı wazıypalarınan esaplanadı. Mısal ushın, "Tók taw" mákan puqaralar jıyınındaǵı on bir kósheniń altawı tariyxıy shaxslardıń atına qoyılǵan bolsa, "Aqterek" mákan puqaralar jıyınındaǵı jeti kósheniń besewi siyasiy-sociallıq sebeplerge baylanıslı qoyılǵan. Kóshe atamalarınıń qoyılıw sebeplerine qarap "Qırantaw", "Taqırkól", "Samanbay" hám "Qutankól" aymaqları boyınsha tómendegishe statistikanı keltiriwge boladı.

Adam atlarına tiykarlanıp qoyılǵan kósheler sanı:

1. "Qırantaw" aymaǵında 1, "Taqırkól" aymaǵında 3, "Samanbay" aymaǵında 1, "Qutankól" aymaǵında 3 kósheni quraydı;

2. Geografiyalıq jayǵasıwı hám ózgesheliklerine tiykarlanıp qoyılǵan kósheler sanı:

"Samanbay" aymaǵında 4, "Taqırkól" aymaǵında 5, "Qırantaw" aymaǵında 1, "Qutankól" aymaǵında 6 kósheni quraydı;

3. Siyasiy hám sociallıq sebepler tiykarında qoyılǵan kósheler sanı: "Samanbay" aymaǵında 21, "Taqırkól" aymaǵında 23, "Qırantaw" aymaǵında 21, "Qutankól" aymaǵında bolsa 11 kósheni quraydı;

4. Tariyxıy-etnikalıq shıǵısı boyınsha qoyılǵan kósheler sanı:

"Samanbay" aymaǵında 3, "Taqırkól" aymaǵında 7, "Qırantaw" aymaǵında 4, "Qutankól" aymaǵında bolsa jámi 2 kósheni quraydı. Bul statistikalıq analizimiz sonı kórsetedi, aymaqlardaǵı kóshelerdiń kópshiligi sońǵı jıllarda qoyılǵan jańa atamalar. Sociallıq-siyasiy

sebepler tiykarında qoyılǵan kósheler kópshilikti quraydı. Bul bolsa sońǵı jıllarda xalıq sanınıń artıwı, jańa jerlerdiń ózlestiriliwi menen baylanıslı qubılıs ekenin kórsetedi.

Juwmaqlap aytqanda toponimlerdi aymaqlıq jayǵasıwı boyınsha bólip, olardı statistikalıq metodta analizlew tek ǵana kóshelerdiń esabın shıǵarıw hám qaysı tiptegi kóshe atamalarınıń kóp qollanılǵanlıǵın sanlarda kórsetiw emes, al hárbir kósheniń qoyılıw sebeplerin anıqlaw kóshe atamalarınıń etimologiyasın, leksikalıq-morfologiyalıq ózgeshelikleri, tariyxıy, etnikalıq dáreklerin úyreniwdi talap etedi. Bul metod óz gezeginde toponimikanıń basqa ilimler menen tıǵız baylanısın tiykarlaydı.

## References:

1. Albert Doza. Les noms de lieux, origine et evolution. – Paris: Librairie Delagrave, 1926.
2. Mihai Rusu. Statistica toponimiei. – Buxarest: Editura Academiei, 1981.
3. Матвеев А.К. Основные задачи изучения уральской топонимики // Вопросы ономастики, № 3. – Екатеринбург, 1967.
4. Йенгибаев Б., Сапаров А. Топонимические исследования и их статистический аспект. – Алматы: Аль-Фараби, 2019.